KHUTBAH IDUL FITRI 1432 H

(Bahasa Jawa)

Idul Fitri Kangge Sarono Muhasabah

KANTOR URUSAN AGAMA KECAMATAN BLADO
Alamat : Komplek Lapangan Olahraga Blado Telp. (0285) 4486213
BATANG 51255

السَّلاَمُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ

اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ * اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ *اللهُ أَكْبَرُ
اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ * اللهُ أَكْبَرُ كَبِيْرًا* وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيْرًا* وَسُبْحَانَ اللهُ بُكْرَةً
وَأَصِيْلاً *لآ إِلهَ إِلاَّ اللهُ وَلاَ نَعْبُدُ إِلاَّ إِيَّاهُ مُخْلِصِيْنَ لَهُ الدِّيْنُ وَلَوْ كَرِهَ
اْلكَافِرُوْنَ* لآ إِلهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ * صَدَقَ وَعْدَهُ *وَنَصرَ عَبْدَهُ * وَأَعَزَّ جُنْدَهُ*
وَهَزَمَ الأَحزَابَ وَحْدَهُ* لآ إِلهَ إِلاَّ اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ * اللهُ أَكْبَرُ وِللهِ الْحَمْدُ*
الْحَمْدُ للهِ الَّذيْ جَعَلَ اْلأَعْيَادَ مُوْسِمَ اْلخَيْرَاتِ* أَشْهَدُ أَنْ لآ إِلهَ إِلاَّ اللهُ
وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ رَبُّ الأَرَضِيْنَ وَالسَّمَاوَاتِ*وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ
وَرَسُوْلُهُ الدَّاعِى إِلىَ دِيْنِهِ بِأَوْضَحِ اْلبَيِّنَاتِ *اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِ
الْكَائِنَاتِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ النَّبِيِّ اْلأُمِّيِّ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ
إِلىَ آخِرِ الدُّهُوْرِ وَالسَّنَوَاتِ * أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا اْلحَاضِرُونَ اْلكِرَامُ أُوْصِيْكُمْ
وَنَفْسِى بِتَقْوَى اللهُ وَطَاعَتِهِ فَقَدْ فَازَ اْلمُتَّقُوْنَ* قَالَ اللهُ تَعَالىَ أَعُوْذُبِ اللهِ مِنَ
الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ* يَآ أَيُّهَا الَّذِيْنَ آمَنُوْا اتَّقُوْا اللهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلاَ تَمُوْتُنَّ إِلاَّ
وَأَنْتُمْ مُسْلِمُوْنَ*

Kaum Muslimin Muslimat Jama'ah sholat Idul Fithri Rahimakumullah…

Wonten ing kesempatan ingkang sae puniko, kito ngunjukaken syukur dumateng ngarso dalem Allah, awit pepàring kanugrahan lan nikmat ingkang tanpo wilangan, langkung langkung rahmat kawilujengan lan yuswo panjang dateng kita sedoyo, sahinggo enjang puniko kito taksih saged menangi malih dinten riyaya Idul Fithri, lan saged makempal ing masjid puniko kanthi tanpo manggih rubedo satunggaling punopo. Monggo sami takbir ngagungaken asmanipun Allah, tahlil nyuwiji'aken dzatipun Allah lan tahmid minongko bukti syukur atas peparingipun Allah.

Sholawat lan salam kito aturaken dumateng junjungan kito Rasulullah Muhammad SAW ingkang sampun ngajaraken dumateng kito kanthi lantaran sunnah supados kita dados manungso ingkang sampurno (*insan kamil)*, sepatutipun kito tansah ngucap sholawat lan paring salam dumateng piyambakipun, kados dene Allah lan para malaikat tansah paring sholawat dumateng kanjeng Nabi Muhammad.

Wonten ing dinten puniko sasi Syawal manggihi kito kanthi kahanan kito ingkang fithrah, sasampunipun *ijtima'* akhir romadhon ninggalaken kito kanthi pepenget bilih dinten puniko minongko dinten kemenangan kanggenipun tiyang-tiyang ingkang sampun susah payah berjuang nglawan hawa napsu saklaminipun sasi romadhon, sekaligus minongko dinten perenungan lan tobat kanggenipun tiyang-tiyang ingkang sampun kalah dening godaning hawa napsu.

Wonten dinten puniko masjid-masjid mulai sepi saking suwanten adzan gangsal wekdal, sepi saking jama'ah sholat, sepi saking endahing swanten ayat-ayat suci al-Qur'an, sepi saking majelis ta'lim ugi sepi saking I'tikaf.

Wonten ing dinten puniko iblis *laknatullah* mulai bebas sak sampunipun dipun krangkeng, angajak manungso nglampahi kemaksiatan, keserakahan, penipuan, pemalsuan, lan sak pinunggalanipun dosa ingkang sampun kito tilar saklaminipun Romadhon.

Pramilo wonten ing kesempatan puniko, kito ginakaken kangge *muhasabah* ngukur kadar keimanan kito dumateng Allah Ta'ala kanthi tunduk nglampahi *syariat*ipun arupi nglampahi sedoyo printah lan nilar sedoyo cegah.

Allahu Akbar 3x wa lillahilhamd

Kaum Muslimin Muslimat Rahimakumullah,

Mboten wonten perpisahan ingkang langkung anggelani tinimbang perpisahanipun kaliyan romadhon. Romadhon inggih puniko sasi ingkang kebak kaberkahan. Sakjatosipun romadhon anggadahi tujuan mangsulaken manungso dateng fithroh. Mboten manungso ingkang kebak kaliyan dosa lan maksiyat.

Monggo sesarengan kito gatosaken dhawuhipun Allah Subhanahu Wata'ala wonten ing surat Ar-Rum ayat 30:

فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا ۚ فِطْرَتَ ٱللَّهِ ٱلَّتِى فَطَرَ ٱلنَّاسَ عَلَيْهَا ۚ لَا تَبْدِيلَ لِخَلْقِ ٱللَّهِ ۚ ذَٰلِكَ ٱلدِّينُ ٱلْقَيِّمُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٠﴾

"Mongko, njumenengno iro ing rai iro marang agomo sarono condong temenan. Netepono siro ing fithrohe Allah kang wus nitahake Allah marang manungso ing fithrohe. Ora ono owah marang fithrohe Allah. Mengkono iku agomo kang jejeg, nanging akeh-akehe manungso ora podho ngerteni."

Wonten ing kitab Al-Ibriz, Kiyai Bisri Mustofa Rembang paring penjelasan ayat kasebat bilih wonten tigang perkawis ingkang kedah kito perhatosaken:

1. Netepi ing agami ingkang lurus inggih puniko agami islam ateges murniaken agami islam lan mboten nyelewengaken agami islam kados ingkang sampun dipun lampahi dening tiyang yahudi lan nasrani.

2. Netepi ing fithrohipun Allah Ta'ala ingkang sampun dipun titahaken Allah Ta'ala sarono dasar agami Islam.

3. Mboten pareng ngowahi maring titahipun Allah Ta'ala ateges tiyang ingkang ngowahi maring fithrohipun Allah Ta'ala kalebet golonganipun tiyang ingkang musyrik.

Kanthi paripurnanipun sasi Romadhon, manungso dipun bangsulaken dumateng kahanan ingkang fithroh kados dene bayi ingkang nembe lahir saking guwo garbanipun ibu, sarono mboten anggadahi dosa babar pindah. Kahanan ingkang suci lan mboten dipun kotori sangking kemaksiyatan lan kemusyrikan.

Kahanan fithroh ingkang dipun maksud puniko kados ingkang dipun dhawuhaken Kanjeng Nabi Muhammad SAW wonten ing setunggalipun hadits ingkang dipun riwayataken Abu Hurairoh wonten ing kitab Shohih Muslim :

مَا مِنْ مَوْلُودٍ إِلاَّ يُولَدُ عَلَى الْفِطْرَةِ (رواه مسلم)

"*Ora ono bayi kang den lahirake kejobo den lahirake kanthi kahanan kang fithroh*." (HR. Muslim)

Puniko lah ingkang dados tujuan lan pengarepan kito sedoyo. Kito dipun ngapuro dening Allah Ta'ala lan dipun wangsulaken dateng kahanan manungso dipun titahaken inggih puniko fitroh. Kanthi wangsulipun manungso dateng fitroh, Insya Allah margi kangge taqwa bakal langkung gampil kito gayuh. Ananging ampun ngantos punopo ingkang sampun kito lampahi saklebetipun romadhon kito rusak piyambak kanthi maksiyat lan dosa.

Sebab mboten wonten ajaran agami Islam bilih kito wajib to'at dumateng Allah lan Rasulullah namung ing sasi Romadhon mawon, Sahinggo sak sampunipun Romadhon paripurno kito bebas anglampahi dosa. Puniko pendapat ingkang klentu.

Ampun ngantos kito kalebet golongan ingkang dipun sindir Allah Ta'ala wonten ing Surat An-Nahl ayat 92:

وَلَا تَكُونُواْ كَٱلَّتِى نَقَضَتۡ غَزۡلَهَا مِنۢ بَعۡدِ قُوَّةٍ أَنكَـٰثًا

"*Siro kabeh ojo dadi koyo dene wong wadon kang ngudari tenunan sak wuse tenunan mahu dadi kukuh banjur dadi udar ora karuan*"

Dawuh menika nggambaraken tiyang ingkang sampun kaleksanan nindakaken kesaenan kanti tlaten, sabar awit sekedik open tlaten nanging sinareng sampun kaleksanan malah lajeng dipun risak piyambak. Puniko setunggaling piwucal saking Allah Ta'ala. Ampun ngantos kito nglampahi perkawis ingkang sia-sia utawi mboten migunani. Bilih perkawis ingkang sia-sia puniko setunggaling kerugian ingkang langkung ageng.

Allahu Akbar 3x wa lillahilhamd

Kaum Muslimin Muslimat Rahimakumullah,

Kangge muhasabah awak kito, bilih saben tahun kito nglampahi ibadah Ramadhon kanthi sak estu-estu lan semangat awit siang ngantos dalu: siangipun sami nglampahi siyam, ndalunipun nglampahi sholat lan sakwerninipun ibadah wajib lan sunnah, tapi punopo leres ketaatan puniko badhe bertahan sak laminipun? Punopo toh ketaatan puniko namung wonten ing sasi Romadhon mawon?

Kathah tiyang muslim ingkang sregep tindak ten masjid sak laminipun sasi Romadhon, ananging sak sampunipun Romadhon, kados tiyang ingkang mboten kenal kaliyan masjid. Kathah tiyang ingkang sak laminipun Romadhon tadarrus Al-Qur'an malah ngantos katam luwih saking sepindah, ananging sak sampunipun Romadhon, Al Qur’an dipun tilar malah-malah mboten nate dipun waos babar pindah. Kahanan mekaten kados ingkang dipun cerita'aken wonten ing ayat kasebat. Selami Romadhon ketaatan dipun tenun, sak sampunipun Romadhon, sedoyo ketaatan puniko dipun udhari malih.

Saking Puniko, Kanjeng Nabi Muhammad SAW paring nasihat ingkang saged kito ginakaken kangge pegangan utawi cepengan sak lawasipun :

قُلْ: آمَنْتُ بِاللَّهِ، ثُمَّ اسْتَقِمْ (رواه احمد)

"*Ngucapo siro: Ingsun iman marang Allah, nuli istiqomaho siro*"

Allahu Akbar 3x wa lillahilhamd

Kaum Muslimin Muslimat Rahimakumullah,

Kito kedah sadar bilih mungsuh ingkang paling ageng tumrap kito sedoyo inggih puniko howo napsu. Sak laminipun wulan Romadhon, howo napsu sampun kito tundukaken lan kito arahaken kangge ngabekti dumateng Allah Ta'ala. Ampun ngantos kita nandang karugen, jalaran amal sae ing wekdal Ramadhan kepengker, lajeng wusananipun ing wulan syawal, lajeng kito ujar ujaran nuruti dateng karemenan tanpo kendali. Menawi naliko kito siyam nafsu kita sampun takluk lan tunduk, ampun ngantos lajeng kanthi alasan mahargyo dinten riyadin kito gantos kawon dipun tunggangi dening howo nafsu.

Kathah sanget tiyang ingkang sak laminipun Romadhon sami sabar, ntrimo ing peparingipun Allah ananging amargi nuruti kekajengan howo napsu lajeng tumindak maksiyat, lajeng korupsi, lajeng ngapusi manipulasi, lajeng mboten ngangge aturan agami, jalaran agami dianggep ngrepoti.

Puniko wau setunggalipun gambaran howo nafsu ingkang ucul sak sampunipun dipun wucal kanthi siyam setunggal wulan, lajeng dumugining riyoyo lajeng nuruti dateng sedoyo pepinginan.

Sayyidina Ali *Karamallahu Wajhah* paring pepenget wonten ing *nahjul balaghoh*:

أَخَافُ عَلَيْكُمْ إِثْنَيْنِ: إِتِّبَاعُ الْهَوَى وَطُوْلُ الْأَمَلِ فَإِنَّ إِتِّبَاعَ الْهَوَى يَصُدُّ عَنِ الْحَقِّ وَطُوْلَ الْأَمَلِ يُنْسِى الْآخِرَةَ

" Ingsun kuatirake marang siro kabeh rong perkoro : yoiku nuruti howo lan alane angen-angen, nuruti howo yoiku bakal ngenggo'ake soko kebeneran, lan dawane angen-angen iku bakal nglalekake akherat."

Pramilo, kito kedah ambudi doyo nundukaken howo napsu ingkang sampun kito kalahaken ing wulan Romadhon ampun ngantos ucul sahinggo gantosan kito ingkang dipun tunggangi dening howo napsu.

Allahu Akbar 3x wa lillahilhamd

Kaum Muslimin Muslimat Rahimakumullah,
Meniko lah ingkang saged kawulo aturaken minongko muhasabah kito wonten ing dinten idul fitri. Monggo sareng-sareng kita nyuwun dumateng Allah SWT, Mugi-mugi Allah paring kekiatan dumateng kito kangge taqwa lan istiqomah. mugi Allah nglebetaken kita wonten golonganipun tiyang ingkang muttaqin. Amiin. Ya Rabbal Alamiin.

جَعَلَنَا اللهُ وَاِيَّاكُمْ مِنَ الْعَائِدِيْنَ وَالْفَائِزِيْنَ وَالْمَقْبُوْلِيْنَ *

وَأَدْخَلَنَا وَإِيَّاكُمْ فِى زُمْرَةِ عِبَادِهِ الصَّالِحِيْنَ *

بَارَكَ اللهُ لِى وَ لَكُمْ فِى الْقُرْاَنِ الْعَظِيْمِ وَنَفَعَنِى وَاِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِــــنَ الْاَيَـــاتِ

وَذِكْرِ الْحَكِيْمِ، اَقُوْلُ قَوْلِى هَذَا فَاسْتَغْفِرُوا اللهَ الْعَظِيْمَ اِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ،

Kuthbah Tsaniyah

اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ *اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَــــرُ اللهُ أَكْبَــــرُ * اللهُ أَكْبَرُ كَبِيْرًا* وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيْرًا* وَسُبْحَانَ اللهُ بُكْرَةً وَأَصِيْلاً *لآ إِلهَ إِلاَّ اللهُ وَلاَ نَعْبُدُ إِلاَّ إِيَّاهُ مُخْلِصِيْنَ لَهُ الدِّيْنُ وَلَوْ كَرِهَ ٱلْكَـــافِرُوْنَ* لآ إِلــــهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ * صَدَقَ وَعْدَهُ *وَنَصرَ عَبْدَهُ * وَأَعَزَّ جُنْـــدَهُ* وَهَـــزَمَ الأَحَـــزَابَ وَحْدَهُ* لآ إِلهَ إِلاَّ اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ * اللهُ أَكْبَرُ وِلِلّٰهِ الْحَمْدُ*

الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذيْ جَعَلَ ٱلأَعْيَادَ مُوْسِمَ ٱلخَيْرَاتِ* أَشْهَدُ أَنْ لآ إِلــــهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ رَبُّ الأَرَضِيْنَ وَالسَّمَاوَاتِ * وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ الدَّاعِى إِلىَ دِيْنِه بِأَوْضَحِ ٱلبَيِّنَاتِ * اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَــــيِّدِ الْكَائِنَاتِ سَيِّدِناَ مُحَمَّد النَّبِيِّ ٱلأُمِّيِّ وَعَلَى آلِه وَأَصْــــحَابِه وَمَــــنْ تَــــبِعَهُمْ بِإِحْسَانِ إِلىَ آخِرِ الدُّهُوْرِ وَالسَّنَوَاتِ * أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا ٱلحَاضِرُونَ ٱلكِرَامُ أُوْصِيْكُمْ وَنَفْسِى بِتَقْوَى اللهُ وَطَاعَتِه فَقَدْ فَازَ ٱلْمُتَّقُوْنَ* قَـــالَ اللهُ تَعَـــالَى أَعُوْذُب اللهِ منَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ * إِنَّ اللهَ وَمَلاَئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِى * يَآأَيُّهَا الَّذِيْنَ آمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا *

اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ سَيِّدِ الْمُرْسَلِيْنَ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَالتَّابِعِيْنَ وَتَابِعِ التَّابِعِيْنَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّيْنِ * وَارْحَمْنَا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ * اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّكَ سَمِيْعٌ قَرِيْبٌ مُجِيْبُ الدَّعْوَاتِ * اَللَّهُمَّ أَصْلِحْ أَئِمَّتَنَاوَأُمَّتَنَا * وَقُضَاتَنَا وَعُلَمَاءَنَا وَفُقَهَاءَنَا * وَمَشَايِخَنَا صَلاَحًا تَامًّا عَامًّا* وَاجْعَلْنَا هَدَاةً مُهْتَدِيْنَ * اَللَّهُمَّ انْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّيْنَ * وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِيْنَ * اَللَّهُمَّ أَهْلِكْ أَعْدَاءَ الدِّيْنَ * وَأَلِّفْ بَيْنَ قُلُوْبِ الْمُؤْمِنِيْنَ * وَفُكَّ أَسْرَ الْمَأْسُوْرِيْنَ * وَفَرِّجْ عَنِ الْمَكْرُوْبِيْنَ * وَاقْضِ الدَّيْنِ عَلَى الْمَدْيُوْنِيْنَ * وَاكْتُبِ اللَّهُمَّ السَّلاَمَةَ عَلَيْنَا * وَعَلَى الْحُجَّاجِ وَالْغُزَّاةِ وَالْمُسَافِرِيْنَ * إِنَّكَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ * اَللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْغَلاَءَ* وَالْبَلاَءَ وَالْوَبَاءَ * وَالْفَحْشَاءَ وَالْمُنْكَرَ * وَالْبَغْيَ وَالسُّيُوْفَ الْمُخْتَلِفَةَ * وَالشَّدَائِدَ وَالْمِحَنَ * مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ * مِنْ بَلَدِنَا هَذَا خَاصَةً * وَمِنْ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِيْنَ عَامَةً * إِنَّكَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ * رَبَّنَا اغْفِرْلَنَا وَلِإِخْوَانِنَا * الَّذِيْنَ سَبَقُوْنَا بِالْإِيْمَانِ * وَلاَ تَجْعَلْ فِى قُلُوبِنَا غِلاًّ لِلَّذِيْنَ آمَنُوْا رَبَّنَا إِنَّكَ رَؤُوْفٌ رَحِيْمٌ *

عِبَادَ اللهِ، إِنَّ اللهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيْتَاءِذِى الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ * وَاشْكُرُوْهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَاسْئَلُوْهُ مِنْ فَضْلِهِ * يُعْطِكُمْ وَلَذِكْرُ اللهِ أَكْبَرُ *

جَعَلَنَا اللهُ وَاِيَّاكُمْ مِنَ الْعَائِدِيْنَ وَالْفَائِزِيْنَ كُلَّ عَامٍ وَاَنْتُمْ بِخَيْرٍ